



Pou Piblikasyon Imedya: 19/09/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ADOPSYON MANDA 'ACHTE BETON PWÒP' KI SE
PREMYE NAN NASYON AN POU AJANS ETA YO**

***'Achte Beton Pwòp' reprezante yon etap enpòtan nan angajman Eta New York pou
dirabilite anviwònmantal***

***Nouvo gid ki te devlope pa Biwo Sèvis Jeneral la an konsiltasyon ak Gouvènman,
Endistri, Gwoup Anviwònmantal, ak Moun ki gen enterè akademik yo***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a adopsyon règ obligatwa ki etabli limit emisyon sou beton ki itilize nan pwojè konstriksyon piblik ak transpò eta finanse yo, sa ki reyafime angajman eta a pou dirabilite anviwònmantal ak diminye emisyon gaz ki lakoz efè sè nan operasyon gouvènman yo. Direktiv yo sipòte tou Dekrè Egzekitif 22 Gouvènè Hochul la ki se "Dirije atravè Egzanp" (Leading by Example), dapre li ajans eta yo oblije kolekte done espesifik New York ki soti nan materyo konstriksyon komen yo, tankou beton, ki pral itilize pou fikse limit pi ba sou emisyon gaz ki lakòz efè sè ki soti nan beton apati 2027.

"Adopsyon direktiv Achte Beton Pwòp (Buy Clean Concrete) la make yon etap enpòtan nan pakou nou nan direksyon pou yon Eta New York ki pi dirab ak favorab sou plan ekolojik", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè nou fikse limit emisyon obligatwa sou beton ki itilize nan pwojè ki finanse pa eta a, nou pa jis dirije atravè egzanp, men nou ap kreye yon plan tanjib pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè toupatou."

Komisè Biwo Sèvis Jeneral Eta New York la, Jeanette Moy, te deklare, "Obligasyon Achte Beton Pwòp Eta New York la reyafime angajman Gouvènè Hochul pou dirabilite anviwònmantal epi li etabli yon referans pou lòt moun imite. Lè nou anbrase beton ki gen kabòn ki ba, New York ap trase yon direksyon pou yon avni ki pi ekolojik, ki pi dirab. Ekip OGS fyè de efò n ap fè nan ekri nouvo règ sa yo epi li rekonesan anvè gran varyete moun ki gen enterè yo ki te bay konesans ak ekspètiz ki gen anpil valè yo."

Komisè Depatman Transpò Eta New York la, Marie Therese Dominguez, te deklare, "Gouvènè Hochul kontinye demontre angajman li pou devlopman dirab ak jerans responsab anvè anviwònman nou an. Direktiv sa yo pral kontribiyè anpil pou ankouraje kolaborasyon ant tout moun ki gen enterè yo, pataje pi bon pratik ak yon

objektif komen pou redwi emisyon gaz ki lakòz efè sè ak diminye anprent kabòn kolektif nou an."

Andrew Mayock, Ofisye Chèf Dirabilite Federal, nan Konsèy Mezon Blanch sou Kalite Anviwònman, te deklare, "Atravè Patenarya Achte Pwòp Federal-Eta Administrasyon Biden lan, Gouvènman Federal la ak patnè eta li yo ap bay priorite acha materyo konstriksyon Ameriken ki fèt ak kabòn ki fèb, ki bon pou travayè ameriken yo, ekonomi nou an ak anviwònman nou an. Antanke Ko-prezidan Patenarya Achte Pwòp Federal-Eta, mwen felisite Eta New York pou lidèchip li nan mete Achte Pwòp an aksyon ak maksimize sipò li pou fabrikasyon materyèl konstriksyon pwòp Ameriken an, ki gen ladan beton."

Ian Wells, Resposab Dekabonizasyon Endistriyèl nan Konsèy Defans Resous Natirèl (Natural Resources Defense Council), te deklare, "Beton se materyèl konstriksyon ki pi souvan itilize nan mond lan, epi youn nan emisyon kabòn ki pi entansif pou pwodui. Gid sa a se yon etap prematire ak enpòtan pou diminye polisyon ak domaj klimatik ki antre nan bilding nou yo, kay yo, ak enfrastrikti nou yo. Nou espere travay avèk lidè New York yo nan ane k ap vini yo pou kontinye ogmante estanda sa yo epi fè beton ki se yon fado klimatik vin tounen yon avantaj klimatik."

Casey Katims, Direktè Egzekitif Alyans Klimatik U.S (U.S. Climate Alliance) la, te deklare, "Avèk nouvo règ sa yo, New York ap dirije pa egzantp atravè akizisyon ki pi pwòp, ki pi vèt. Achte Pwòp ka bouje mache yo epi redwi polisyon klimatik danjere — epi Gouvènè Hochul ap trase wout la pou rès peyi a."

Manm Asanble Robert Carroll te deklare, "Se bèl bagay pou m wè Gouvènè a ap avanse ak aplikasyon pwojè lwa mwen an 'Lwa sou Lidèchip Beton ki gen Kabòn ki Fèb la' (The Low Embodied Carbon Concrete Leadership Act). Manda Eta a pou 'achte beton pwòp' se yon etap enpòtan nan batay nou kont chanjman klimatik la."

Prezidan Lig Elektè Konsèvatè (New York League of Conservation Voters, NYLCV) New York la, Julie Tighe, te deklare, "Pandan kriz klimatik la ap tonbe sou nou, li enpòtan pou nou bese emisyon nan chak kwen ekonomi an, epi sa dwe genyen ladan l materyèl nou itilize pou konstwi yo. Nou bat bravo pou Gouvènè Hochul paske l ap avanse pou pi devan ak yon pwojè pilòt pou yon estanda akizisyon kabòn ki ba pou kontra konstriksyon piblik, ki mete ann aplikasyon yon pwojè lwa ki enkli tablobò 2021 NYLCV a. Mezi sa a pral ankouraje rediksyon emisyon yo nan tout pwosesis pwodiksyon beton an epi pèmèt evantyèlman itilizasyon li nan tout ekonomi an."

Rebecca Esau, AIA, Manadjè nan Pwogram Bilding San Kabòn RMI a (ki te fonde kòm Rocky Mountain Institute), te deklare, "Direktiv sa yo pou beton ki pa gen anpil kabòn se yon premye etap enpòtan pou redwi emisyon kabòn ki genyen nan pòtfèy Imobilye piblik New York la epi reyalize objektif dekabonizasyon bilding ki dekri nan Lwa sou Klima eta a. RMI kontan wè direktiv yo alinye ak politik federal ak eta ki deja egziste pandan y ap bay asistans teknik pou sipòte konfòmite, sitou pou ti biznis yo. Aksyon sa yo pral voye yon siyal mache klè bay pwodiktè beton yo nan Eta New York ak rejyon

Nòdès la pou yo divilge kontni kabòn nan pwodwi yo epi redwi emisyon GHG ki asosye yo."

Chris Neidl, Kofondatè Open Air Collective la, te deklare, "Li bèl pou wè New York vanse nan etabli gid pou beton ki gen kabòn ki fèb. Gid sa a etabli kad pou redui emisyon pi gwo achtè beton New York la, sa ki kreye yon gwo ankourajman pou endistri a avanse nan direksyon pou melanj ak pwodwi beton ki gen kabòn ki fèb."

Jordan Palmeri, Chèchè Prensipal nan Fowòm sou Lidèchip Kabòn te deklare, "Eta New York se yon lidè nan sible melanj beton ki pi fèb an kabòn pou pwojè Eta yo. Yo te fè konsiltasyon siyifikatif ak pati konsène yo ki te lakòz limit kabòn inisyal ki ka reyalize ak rediksyon pwogresif alavni."

Kabòn enkòpore refere a emisyon gaz ki lakoz efè sè ki asosye ak sik dire lavi konplè beton an - soti nan ekstraksyon matyè premyè ak transpò jiska enstalasyon ak eliminasyon li. Done sou enpak anviwònman an ki gen rapò ak sik dire lavi yon materyèl konstriksyon oswa yon pwodwi disponib atravè yon rapò ki rele yon Deklarasyon Pwodu Anviwònman (Environmental Product Declaration, EPD) epi li pèmèt konparezon enpak anviwònmantal atravè melanj beton. Direktiv inogirasyon New York Achte Beton Pwòp se premye direktiv ki aplike limit emisyon gaz ki lakoz efè sè ki kouvri tout pwojè ajans eta yo.

Apati 1e janvyè 2025, yo dwe soumèt EPD pou tout melanj beton yo itilize nan pwojè konstriksyon eta ki kalifye yo epi yo dwe demontre ke yo reyalize yon enpak sou anviwònman an anba limit Eta New York fikse. EPD sa yo pral bay transparans ak yon kontabilite ki pi solid sou emisyon gaz ki lakòz efè sè nan melanj beton epi pèmèt ajans eta yo ak lòt moun ki gen enterè yo fè chwa pi enfòm nan diminye emisyon yo. Eta ap travay pou bay pwodiktye beton yo asistans teknik yo bezwen pou satisfè egzijans EPD yo.

Direktiv Achte Beton Pwòp yo aplike nan kontra ajans eta ki depase 1 milyon dola ki enplike itilizasyon plis pase 50 yad kib beton, oswa kontra Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) ki depase 3 milyon dola ki gen ladan omwen 200 yad kib beton. Direkti yo genyen eksepsyon pou pwojè ijans ak sa ki mande beton ki gen gwo ezistans oswa ki gen disidman rapid epi yo pa aplike pou otorite eta yo.

Aprè Gouvènè Hochul te siyen Lwa sou Finans Eta §136-d a, ki te mande pou yo devlope direktiv sa yo, Biwo Sèvis Jeneral (Office of General Services, OGS) te fè patenarya ak Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) la epi li te rasanble yon gwoup moun ki gen ak enterè ak ekspè pou jwenn bonjan opinyon ak asistans nan pwodiksyon direktiv pou itilizasyon ak inovasyon beton ki gen kabòn ki ba nan pwojè konstriksyon Eta New York yo. Gwoup la te gen ladann ajans eta ak otorite yo ki gen ladan Depatman Transpò, Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal (Department of Environmental Conservation, DEC), Otorite Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transportation Authority, MTA), ak Otorite Pòtyè New York ak New Jersey (Port

Authority of New York and New Jersey). Li te gen ladan tou enjenyè pwofesyonèl ki gen lisans, achitèk ki gen lisans ki anrejistre, reprezantan endistri konstriksyon, reprezantan yon lekòl jeni sivil ki akredite, ak sous konpetans ki soti nan gwoup reflesyon yo, òganizasyon anviwònman san bi likratif, ak inivèsite yo.

Gid sa a adopte plizyè rekòmandasyon ki soti nan Plan Delimitasyon Konsèy Aksyon Klimatik New York la, enkli sa ki nan chapit Buildings pou rann kabòn enkòpore transparan epi adopte espesifikasyon kabòn ki pi ba pou materyèl ki gen gwo entansite yo pou pwojè eta yo. Li aplike tou rekòmandasyon chapit endistri yo pou idantifye materyèl ki gen anpil kabòn epi devlope estanda pou diminye enpak materyèl konstriksyon sou anviwònman an.

Plan Klimatik Lidè Nasyonal Eta New York la

Ajanda klimatik Eta New York la ki se lidè nan nasyon an fè apèl ak yon tranzisyon ki metodik epi ki jis ki kreye djòb ki soutni fanmi, ki kontinye ankouraje yon ekonomi vèt nan tout sektè epi asire ke omwen 35 pousan, avèk yon objektif 40 pousan, nan avantaj investisman enèji pwòp yo ale nan kominote defavorize yo. New York, ki oryante pa kèk nan inisyativ klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, sou pwen pou reyalize yon sektè enèji zewo emisyon vè 2040, ki enkli 70 pousan pwodiksyon enèji renouvlab vè 2030, ak netralite kabòn nan tout ekonomi an vè mwaye syèk la. Yon poto mitan nan tranzisyon sa a se investisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 35 milya dola nan 120 pwojè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 3.3 milya pou devlope enèji solè, plis pase 1 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 2 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Investisman sa yo ak lòt sipòte plis pase 165,000 djòb nan sektè enèji pwòp New York la an 2021 ak yon kwasans plis pase 3,000 pousan nan sektè solè distribiye a depi 2011. Pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè tèmik ak amelyore kalite lè a, New York te adopte tou règleman veyikil san emisyon, ki gen ladan egzije pou tout nouvo machin pasaje yo ak kamyon yo vann nan Eta a gen zewo emisyon disi 2035. Patenarya yo ap kontinye fè aksyon klimatik New York la avanse avèk apeprè 400 Kominote Entelijans Klimatik ki anrejistre ak 100 Kominote ki sètifye, apeprè 500 Kominote Enèji Pwòp, ak pi gwo inisyativ kontwòl lè kominote Eta a nan 10 kominote devavorize atravè eta a pou ede sible polisyon lè epi konbat chanjman klimatik la.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)